

Kesyon Titilè ClinCard Poze Souvan: US

► Kijan pou mwen sèvi ak ClinCard la?

- 1) Acha nan magazen (chwazi swa opsyon “Kredi” oswa “Debi”)
 - Ou dwe gen yon PIN pou ou sèvi ak opsyon “Debi” (al gade nan “Kijan pou mwen kreye yon PIN” anba a)
- 2) Acha sou entènèt
- 3) ATM pou pran lajan kach (sa mande yon PIN)
- 4) Avans Lajan kach nan yon bank:
 - Ou dwe konnen balans ou gen ki disponib epi fè kesye a konnen montan ou vle retire a. Kesye yo pa kapab tcheke balans ou (al gade nan “Kijan pou ou tcheke balans ou anba a”).
 - Bay kesye a ClinCard siyen ou an ak yon ID valid gouvènman an bay ki gen foto ou
 - Tout bank ki manm MasterCard yo aksepte ClinCard (chèche yon logo MC sou fenèt/antre bank lan)

► Kijan pou m aktive kat ClinCard mwen?

ClinCard ou aktive on fwa premye peman ou an chaje. Tanpri siyen dèyè kat la epi, ou ka chwazi opsyon “kredi” pou kòmanse itilize li touswit nan magazen oswa pou fè acha sou entènèt. Si ou ta vle itilize kat la nan yon ATM oswa fè tiraj lajan kach nan acha avèk fonksyon debi, ou pral gen pou ou kreye yon PIN.

► Kijan pou mwen kreye yon PIN?

Rele Sèvis Kliyantèl nan **1-866-952-3795** epi swiv direktiv IVR la.

Sistèm Repons Otomatik la (Interactive Voice Response, IVR) se yon teknoloji ki pèmèt yon òdinatè kominike avèk moun pa mwayen itilizasyon vwa ak tonalite DTMF nan klavye.

► Kijan pou m tcheke balans mwen genyen ki disponib?

- 1) Rele Sèvis Kliyantèl nan **1-866-952-3795** epi swiv direktiv IVR la
- 2) Konekte nan www.consumercardaccess.com/myclincard
 - a. Antre sou navigatè entènèt ou nan www.consumercardaccess.com/myclincard
 - b. Kreye yon Kont
 - c. Tcheke Balans
- 3) Demann Balans nan ATM (sa mande yon PIN)
- 4) Mande nan pwochen vizit ou nan biwo

► Èske gen nenpòt frè lè m itilize ClinCard mwen?

Pa gen **okenn frè*** pou:

- Fè acha sou entènèt oswa nan magazen
- Prezante kat la bay yon kesye nan nenpòt gwo bank pou fè tiraj lajan kach
- Rele sistèm otomatik pou demann balans
- Rele nimewo Sèvis Kliyantèl la epi pale ak yon ajan andirèk
- Ajoute lajan nan kat la (Remak: Se sant lan sèlman ki ka ajoute lajan sou kat la)

*Aktivite annapre la yo **ap lakòz yon frè* soti** nan balans ki sou ClinCard ou:*

- Si ou pa itilize kat la pandan yon peryòd tan. Tanpri, al gade nan dokiman konpayi kat la pou jwenn frè lè pa gen aktivite.
- Retrè nan ATM (frè yo varye dapre kote a)
- Mande yon relve sou papyè. Alapas, ou ka telechaje epi enprime relve an dirèkteman nan pòtay la.
- Mande yon kat ranplasman nan Sèvis Kliyantèl. Sant etid ou an ka petèt ranplase kat ou an gratis.

***Gade Kondisyon Jeneral yo ou resevwa ak kat ou an pou jwenn enfòmasyon anplis.**

► E si montan acha a plis pase balans ki sou ClinCard mwen an?

Si peman ou dwe a plis pase balans ki disponib sou kat ou an, asire ou enfòm kesye a sou kantite lajan ou prevwa pou itilize a. Sinon, si kat la otorize pou yon kantite lajan ki plis pase balans ki disponib la, li pral refize.

► Kisa mwen ta dwe fè si ClinCard mwen pèdi, yo vòlè li oswa li abime?

Si kat ou pèdi/abime, avèti pwen kontak ou nan sant etid la, epi yo pral kapab ranplase li pou ou sou plas gratis. Sa pral dezaktive ansyen kat ou an, transfere nan nouvo kat ou an nenpòt balans ki rete. Si ou pito kontakte sèvis kliyantèl, gen yon frè \$7.00 pou ranplasman, epi sa pral pran 7-10 jou pou ou resevwa li pa lapòs.

Si yo vòlè kat ou, rele Sèvis Kliyantèl nan **1-866-952-3795**. Sèvis Kliyantèl ap make kat la “vòlè” epi yo pral ede ou kontakte MasterCard pou louvri yon dosye.

► Èske mwen ka itilize ClinCard mwen nan yon restoran?

Wi. Men, tanpri konnen restoran yo (ansanm ak etablisman manje rapid yo) mete yon otorizasyon davans otomatikman sou kat ou an pou 20% anplis bòdwo total la, kidonk asire ou gen ase lajan disponib sou kat ou an pou teni kont de sa.

► Èske mwen ka itilize ClinCard mwen nan yon estasyon gaz?

Wi. Men, tanpri pote ClinCard ou anndan bay kesye a epi mande l pou li chaje kat la pou yon kantite lajan presi. Sinon, si ou itilize kat la nan ponp lan, estasyon gaz la ap otorize kat ou an davans pou jiska \$100 oswa plis. Kwak otorizasyon davans lan pa yon frè ki chaje nan kont lan, toutotan li anplas, li antre nan kalkil balans ki disponib lan. Lè sa, sa ka pran plizyè jou pou yo retire montan otorizasyon davans lan.